

ABSTRAK

Ieu panalungtikan judulna *Pengaruh Pelaksanaan Program Pengembangan Kota tanpa Kumuh terhadap Aksesibilitas Masyarakat di Kecamatan Rangkui, Kelurahan Parit Lalang, Provinsi Kepulauan Bangka-Belitung*. Ari tujuanana pikeun ngadéskrripsikeun: 1) palaksanaan program pamekaran kota tanpa kumuh; 2) akséibilitas masarakat; jeung 3) pangaruh palaksanaan program pamekaran kota tanpa kumuh di Kacamatan Rangkui, Kalurahan Parit Lalang, Provinsi Kepulauan Bangka-Belitung.

Hipotésisna nétélakeun yén aya pangaruh dina palaksanaan program pamekaran kota tanpa kumuh kana aksésibilitas masarakat di Kacamatan Rangkui, Kalurahan Parit Lalang, Provinsi Kepulauan Bangka-Belitung. Ieu panalungtikan ngagunakeun métodeu déskriptif analitis. Taknik ngumpulkeun datana ngagunakeun 1) dokuméntasi; 2) obseérvasi non partisipan; 3) wawancara; jeung 4) kuisisionér.

Anu dijieun populasina nyaéta masarakat Kalurahan Parit Lalang, Kacamatan Rangkui, Kota Pangkal Pinang, Provinsi Kepulauan Bangka-Belitung, anu dibagi jadi dua kelompok ékspérimén anu geu7s meunang program kota tanpa kumuh lobana 24 urang, jeung ditambah anu tacan meunang program lobana 24 urang, minangka pikeun kontrolna. Dipilihna kalawan ngagunakeun sénsus. Ari pikeun ngukur variabelna digunakeun skala ordinal. Hipotésis enol diuji ngagunakeun statistik non parametrik (U-Mann Whitney).

Hasil panalungtikan ngébréhkeun yén hipotésis enol ditolak. Hartina aya pangaruh palaksanaan program kota tanpa kumuh nu signifikan kana aksésibilitas masarakat di Kacamatan Rangkui, Kalurahan Parit Lalang, Provinsi Kepulauan Bangka-Belitung.

Kecap konci: palaksanaan, program kotaku, aksesibilitas, masarakat Parit Lalang.